



Pou Piblikasyon Imedya: 27/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ETA NEW YORK MANDE 1.6 MILYA DOLA
FINANSMAN FEDERAL SIPLEMANTÈ POU ASISTANS LWAYE IJANS**

***Mande Depatman Trezò Ameriken an pou faz reafektasyon k ap vini an ta kouvri
174,000 aplikasyon lokatè yo jije ki kalifye pou èd ki pa finanse yo***

***Plis pase 2 milya dola asistans pou lwaye te deja angaje oswa peye, k ap kouvri
apeprè 166,000 aplikasyon nan pwogram nan, ki enkli plis pase 109,000 pèman
dirèk bay pwopriyetè yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Eta New York te mande 1.6 milya dola finansman federal siplemantè nan Depatman Trezò Ameriken an (U.S. Treasury Department) pou ede reponn ak bezwen enpòtan ki pa satisfè pami lokatè ak pwopriyetè ki te aplike pou Asistans Lwaye Ijans lan. Sou direksyon Gouvènè Hochul, Biwo Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance) Eta a — ajans ki administre pwogram lan — te fè demann fòmèl anvan pwochen faz reafektasyon pou soulajman lwaye federal la. Si yo bay li, finansman an ta kouvri apeprè 174,000 aplikasyon lokatè ki pa ko finanse.

"Nou te bay apeprè 1.4 milya dola pou lokatè k ap goumen nan pandemi an, men nou dwe fè plis. Eta New York kontinye demontre yon gran bezwen pou finansman federal sa," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Apèl nou an pou Trezò a reegzamine fòmil realokasyon li an pou bay eta ki gen anpil lokatè tankou New York yo priorite, reprezante dènye defans, pami defans kontini epi solid nou yo pou sila yo ki touje ap vasiye kont enpak finansye pandemi an. Nou dwe asire ke tout lokatè ak pwopriyetè ki kalifye yo kapab puize nan èd enpòtan sa."

Sou lidèchip Gouvènè Hochul, Eta New York te rasyonnalize epi akselere distribisyon fon soulajman lwaye yo. Kòm rezilta, plis pase 166,000 fanmi te pwoteje kont degèpisman epi apeprè 1.4 milya dola te distribye bay 109,000 pwopriyetè pa pèman dirèk.

Aprè fon inisyal ki te epuize nèt pou pwogram sa, eta a te mande 996 milyon dola nan realokasyon finansman ki soti nan Depatman Trezò a, oswa apeprè ase pou kouvri 70,000 aplikasyon ki pa finanse. Ankò Depatman Trezò a te bay New York yon montan siplemantè 27 milyon dola sèlman - ase pou finanse mwens pase 2,000 aplikasyon.

Nan kòmansman mwa sa, New York, California, New Jersey ak Illinois te voye yon [lèt konjwen](#) bay Sekretè Trezò a Janet Yellen pou mande finansman federal siplemantè epi asire ke yo bay priyorite a eta ki gen bezwen ki anpil yo ki gen gwo popilasyon lokatè yo priyorite. Depi novanm, kat eta sa yo te depanse yon asistans 5.4 milya dola konbine —apeprè 12 pousan nan 45.5 milya dola total nan soulajman lwaye ferel ki distribye ant tout eta yo—k ap ede estabilize plis pase 625,000 fanmi.

Komisè Pa Enterim OTDA, Daniel W. Tietz, te deklare, "Gen anpil bezwen ki pa satisfè pou plis soulajman lwaye nan New York enkontestableman. San finansman federal enpòtan ankò, plizyè dizèn milye lokatè ap rete san asistans. Si li reyalize, demann finansman sa bay Depatman Trezò a ap franchi yon etap enpòtan pou reponn ak bezwen sa epi asire ke pwogram soulajman eta nou an ka kontinye ede Nouyòkè k ap goumen yo ki nan risk enstabilite lojman yo. Gouvènè Hochul te fè pwogram sa yon priyorite pou administrasyon li a, epi pran mezi rapid pou asire ke Eta New York nan premye pozisyon pou resevwa fon siplemantè gouvènman federal la reyafekte."

Gouvènè Hochul te bay priyorite ak lokatè ak pwopriyetè pandemi an te frape di yo. Anplis anvan gwo chanjman nan ERAP yo, Gouvènè Hochul te mete disponib [100 milyon dola](#) lokasyon siplemantè ke eta a finanse pou lokalite yo, te angaje 125 milyon dola pou fanmi ki pa t kalifye anvan pou ERAP yo dapre revni yo, [te siyen](#) yon ogmantasyon yo t ap tann depi lontan ki ogmante kupon lwaye yo an lwa, epi otorize [125 milyon dola](#) pou ede pwopriyetè ak lokatè ki pa t patisipe nan ERAP oswa ki te kite ak aryere yo.

Bidjè Ane Fiskal 2023 Gouvènè a genyen ladan l 35 milyon dola pou sèvis legal ak reprezantasyon pou ka ekspilsyon ki pa nan Vil New York, ki apiye [25 milyon dola nan asistans legal](#) ki te anonse ane pase a.

Senatè Ameriken Schumer te deklare, "Mwen ankouraje administrasyon an anpil pou dirije plis èd rapidman bay New York, jan Kongrè a pwopoze a, ki soti nan fon ki pa itilize ke nou te deja konsakre yo. New York rete nan ban devan pandemi sa epi lokatè nou yo soufri de yon kou di ki doub: yo te frape pa COVID la epi yo peye youn nan lwaye ki pi wo. Se poutèt sa mwen te defann epi livre plizyè milya nan èd ki te ale dirèkteman bay lokatè ak pwopriyetè bilding yo pou evite ekspilsyon an mas, ak sanzabri, ak dèt ki depase - epi se pou sa pòsyon ki pa itilize nan soulajman sa dwe dirije bay zòn ki gen anpil bezwen tankou New York pi bonè ke posib."

Reprezantan Jerrold Nadler te deklare, "Faz inisyal finansman te itil anpil pou Nouyòkè yo epi te pèmèt moun yo rete lakay yo epi konsève kouran yo. Men, plizyè dizèn milye fanmi toujou bezwen asistans siplemantè. Malerezman, dènye faz finansman Depatman Trezò a te bay la te piti pa rapò ak sa nou te mande a. New York gen youn nan popilasyon lokatè ki pi gran nan peyi a, epi poutèt sa, mwen espere ke Depatman Trezò a onore demann Gouvènè a. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou efò li yo pou jwenn finansman sekirize sa, epi mwen ankouraje Sekretè Yellen pou ogmante èd siplemantè pou New York, ki t ap gen pwoblèm pou kenbe moun sa yo lakay yo."

Reprezantant Carolyn Maloney te deklare, "Pandan New York ak rezidan li yo kontinye ap reponn ak pandemi COVID-19 la, nou dwe fè tout sa nou kapab pou asire ke tout rezidan yo loje nan fason ki estab. "Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li fè demann sa, epi m ap kontinye fè tout sa mwen kapab pou asire ke Nouyòkè yo gen resous yo bezwen pou soti nan pandemi sa nan tout sekirite.

Reprezantan Nydia Velázquez, te deklare, "Avèk prezans kontini COVID-19 la, reyalite a sèke twòp Nouyòkè toujou ap fè fas ak konsekans ekonomik tèrib ki pa fòt yo. Nan mitan difikilte, nou dwe fè tout sa ki nan pouvwa nou pou evite twomatis ak devastasyon ekspilsyon. Se poutèt sa mwen te goumen anpil pou adopte plizyè faz nan asistans lwaye ijans lan nan nivo federal epi mwen sipòte demann Gouvènè Hochul pou fon ERAP siplemantè pou New York. Nou pa ka kite fanmi k ap travay yo san aksè nan pwogram sa."

Reprezantan Gregory W. Meeks, te deklare, "Mwen rejwenn efò kòlèg mwen yo pou asire ke New York - akoz gwo demann pou asistans lwaye - resevwa nivo finansman apwopriye ki nesèsè pou kenbe moun yo lakay yo pandan kowonaviris la rete yon menas enpòtan pou Vil ak Eta nou an. Pliske administrasyon Biden-Harris la bay egalite priyorite nan elaborasyon politik yo, yo dwe konsidere demann rejyonal yo epi rete yon dosye solid pou sipò amelyore pou ekosistèm lojman chè New York la."

Reprezantan Brian Higgins te deklare, "Finansman siplemantè sa ta ede abòde aryere demann asistans ki ankou yo, pou sipòte lokatè ak pwopriyetè yo pandan moman difisil sa."

Reprezantant Yvette Clarke te deklare, "Lojman se, epi l ap toujou yon dwa moun inivèsèl ak yon bezwen imen fondamantal. Kòm yon konsekans kriz k ap agrave ane ki sot pase yo, twòp Nouyòkè ap fè fas ak ensètitud lojman, ki te agrave pa ekspirasyon resan Moratwa sou Ekspilsyon pandan Peryòd Pandemi New York la. Erezman, atravè pwogram tankou Asistans Lwaye Ijans lan, gen yon filè sekirite vital ki egziste pou ede moun yo rete lakay yo. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou desizyon li pou mande finansman siplemantè pou sipòte pwogram nesèsè sa, ak pou devouman li pou prezève dwa ak diyite kominote ki pi vilnerab nou yo. Byenke finansman siplemantè sa ap revele li inestimab nan lavi anpil Nouyòkè, anpil travay rete pou adrese, epi finalman simonte, rasin prensipal kriz lojman nou an ki afekte kominote moun koulè yo nan fason ki pa pwopòsyonèl. Nan nivo eta ak nivo federal alafwa, primòdyal pou nou kontinye pouswiv solisyon alontèm pou mete yon fen nan kriz lojman abòdab New York la."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Pandan n ap fè fas ak pandemi COVID sa, plizyè milyon pwopriyetè ak lokatè kontinye ap soufri de difikilte finansye ki pa fòt yo. Mwen fyè de travay Kongrè a pou bay soulajman ki nesèsè pou moun nan Rejyon Kapital nou an ak pi lwen atravè plan sovtaf COVID nou an. M ap kontinye sipòte efò sa yo epi mwen remèsye Gouvènè Hochul pou devouman kontini li pou asire ke chak Nouyòkè gen yon kote ki an sekirite, bon mache ke yo rele lakay yo."

Reprezantan Hakeem Jeffries te deklare, "Chanm Demokrat la ak Administrasyon Biden-Harris la te mete fon yo disponib pou lokatè ak pwopriyetè Pwogram Asistans Lwaye Ijans lan, epi plizyè santèn milye Nouyòkè te pwoteje kont ekspilsyon ak lajan sa. Men, toujou gen bezwen enpòtan ki pa satisfè atravè eta nou an epi espesyalman nan Vil New York. Sa se yon moman pou tout moun mete men, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li mande sipò siplemantè ke eta nou an merite."

Reprezantan Sean Patrick Maloney te deklare, "Asistans Lwaye Ijans lan te bay yon kòd sovta j enpòtan pou plizyè santèn milye moun New York ki t ap goumen pou siviv pandan pandemi an. Li esansyèl pou eta tankou New York ki gen popilasyon lokatè ki pi wo, gen fon ki nesèsè pou kouvri tout aplikan ki kalifye ki toujou gen bezwen èd. Mwen kanpe ak Gouvènè Hochul nan demann sa epi mwen ankouraje Sekretè Trezò a Yellen pou asire ke Eta New York ka sipòte kominote nou yo epi ede fanmi yo rete lakay yo."

Reprezantan Kathleen Rice te deklare, "Gouvènè Hochul te travay di pou jwenn soulajman lwaye vital nan pòt la epi nan men plizyè milye pwopriyetè, k ap pwoteje plis pase 166,000 lokatè atravè eta a. Men, gen yon bezwen ki kontinye pou finansman siplemantè pou sipòte anpil Nouyòkè ki toujou bezwen asistans. Mwen te fyè pou sipòte demann Gouvènè Hochul la pou finansman siplemantè pandan premye faz reafektasyon soulajman lwaye federal la, epi m ap kontinye goumen pou resous siplemantè pou pwoteje anpil fanmi ki gen risk ensekirite lojman nan eta nou an."

Reprezantan Adriano Espaillat te deklare, "Eta New York gen plis lokatè pase tout lòt eta nan peyi a, epi anpil fanmi t ap goumen pou peye lwaye depi kòmansman pandemi COVID-19 LA. ERAP te pwouve li se yon zoudi enkalkilab knan bay asistans ki tèlman nesèsè pou Nouyòkè ki kalifye yo ki pa ka peye lwaye yo epi li enpòtan ke nou ranpli fon an pou sipòte rekipasyon kontini eta nou a. Pandan New York kontinye ap rekipere li anba gwo enpak ekonomik pandemi an, dè santèn milye Nouyòkè ap fè fas ak dèt lwaye, ak ekspilsyon posib. Lè nou reprezante distri a ki gen konsantrasyon lwaye apatman estabilize ki pi wo, elektè mwen yo ap benefisye anpil de sa, epi mwen fyè pou sipòte dènye demann Gouvènè Hochul pou rekonstui pwogram eta a - pou bay fanmi yo sipò yo bezwen pou ede kenbe kay yo."

Reprezantan Joe Morelle te deklare, "Pandan n ap konbat enpak pandemi COVID-19 LA, nou dwe pwoteje dwa fondamantal chak moun pou lojman sekirize. Mwen fyè de travay kòlèg mwenyo ak mwen te fèt pou fasilite chaj sou pwopriyetè ak lokatè yo, epi m apn kontinye sipòte yon ekspansyon efòsoulajman lwaye yo pandan moman difisil sa yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip ak angajman li pou ede bay sekirite ak establite pou fanmi New York yo".

Reprezantan Jamaal Bowman te deklare, "Youn nan enpak ki devastan pandemi COVID la se deteryorasyon kriz lojman nou an. Kriz lojman sa te ki vini anvan pandemi an epi ap afekte lokatè moun koulè yo nan fason ki pa pwopòsyonèl, gen plis chans pou trape epi vin malad grav de COVID 19 n epi yo gen plis chans pou pèdi kay yo."

Gouvènman federal la dwe fè tout bagay pou bay yon ranflouman fon pou Pwogram Asistans Federal la, ki bay plizyè milyon fanmi Ameriken, ke anpil nan yo gen pitit, posiblité pou rete lakay yo. Nou dwe mande plis sansibilizasyon konplè ak edikatif pou lokatè ak pwopriyetè yo alafwa, pou yon senplifikasyon pwosesis aplikasyon an, ak pwoteksyon fòmèl ki t ap mande yon pwopriyetè tann pou pwogram finansman an rie anvan pwopriyetè ki ekpilsè yo. Mwen rejwenn Gouvènè Hochul pou sipòte demann Eta New York pou plis finansman federal pou asistans lwaye ijans lan epi m ap fè tout sa mwen kapab nan Kongrè a pou livre soulajman sa."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)